



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN AKÈY PLAZA NAN PAK ETA NIAGARA FALLS LA

Zòn antre nan ri Prospect konplete restorasyon plizyè ane peyizaj pak la

Plaza kreye koneksyon akèy ant park la ak distri biznis anba lavil la

Al gade foto yo [isit la](#) ki soti nan evènman jodi a kote te fè anons lan

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse travay yo konplete konplètman nouvo Akèy Plaza (Welcome Plaza) nan Pak Eta Niagara Falls (Niagara Falls State Park) nan ri Prospect (Prospect Street) nan Niagara Falls. Pwojè sa a konplete restorasyon peyizaj nan pak eta a ki pi ansyen an ki te kòmanse an 2011.

"Niagara Falls se youn nan destinasyon ki pi enpresyonan nan peyi sa a epi se youn pati enpòtan nan idantite anviwònman New York la", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Achèvma plan revitalizasyon sa a ranfòse eritaj sa a pandan l'ap amelyore endistri touris la nan rejyon an e mwen ankouraje tout moun pou dekouvri pak etonan sa nan Eta New York."

"Niagara Falls se youn bijou istorik ki soti nan youn eritaj ki rich antanke pak eta ki pi ansyen nan Etazini", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Transfòmasyon Pak Eta Niagara Falls la pa pral sèlman ranfòse endistri touris ak aktivite ekonomik nou an pandan n'ap rebati pi byen nan Eta New York, li plis prezante youn nan bèl mèvèy nou yo nan mond lan ki inik nan Rejyon Lwès New York la."

Achèvman pwojè 6.2 milyon dola a kreye yon koneksyon plis transparan ant pak la ak distri biznis nan Vil Niagara Falls la, ki pral ede vizitè yo pi byen oryante yo ak òf yo alafwa andedan ak deyò pak la; amelyore sekirite pyeton ak veyikil epi li ede redwi anbouteyaj nan sikilasyon atravè rekonsepsyon zòn arive otocar la; ak amelyore eksperyans kliyan an gras ak amelyorasyon peyizaj jeneral yo, sinyalizasyon oryantasyon ki pi klè, mobilye pak inifòm, ekleraj amelyore ak sikilasyon pyeton amelyore.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Pak Eta Niagara Falls a se youn bijou nan sistèm Pak Eta nou an. Sila yo k'ap vizite ki soti atravè mond lan merite youn eksperyans premye klas epi ak achèvman pwojè sa a, yo pral jwenn egzateman sa a. Pwojè a etabli youn lyen enpòtan nan Vil Niagara Falls ki ebèje pak la. Avèk nouvo

Cataract Commons lan ak Old Falls Street, nan anba lavil Niagara Falls la ap vin yon moso enteresan nan endistri touris solid ke vil la ap kiltive".

Senatè Robert Ortt te deklare, "Renovasyon yo konplete nan Akèy Plaza nan Park Eta Niagara Falls la pral ede aksantye ak amelyore sou mèvèy enkwayab mond lan ke nou gen ase chans pou nou fè li sitiye nan lakou nou. Pwojè sa pral ede ranfòse koneksyon ant pak eta a ak kominote biznis ki antoure li a. Ou ka sèlman fè yon premye enpresyon yon sèl fwa, epi investisman sa a nan plas akèy pak la pral bay envite yo ki soti nan tout mond lan yon eksperyans pozitif ki pral rete ak yo pou tout lavi".

Manm Asanble Angelo J. Morinello te deklare, "Achèvman akèy plaza kreye efektivman yon Pak nan vil la. Pandan twò lontan, Park Eta a te parèt tankou yon antite separe ki te kreye yon baryè vizyèl ant Vil Niagara Falls ak Park Eta a. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Depatman Pak Eta New York (NYS Parks Department) pou vizyon nou ak achvèman pyès enpòtan sa a nan eksperyans touris Niagara Falls la".

Majistra Vil Niagara Falls lan Robert Restaino te deklare, "Vil Niagara Falls la ancheri depi lontan bote Park Eta Niagara Falls la. Avèk investisman an pandan plizyè ane ki sot pase yo, patnè Eta nou yo vrèman elve eksperyans vizitè a. Achvèman Akèy Plaza nan Prospect Point se poto mitan investisman sa a epi li ede ajoute devlopman enteresan nan distri touris anba lavil nou an".

John Percy, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Destination Niagara USA te deklare, "Mwen pa ta ka pi kontan pase sa ak transfòmasyon konplè Akèy Plaza nan Pak Eta Niagara Falls la. Pa sèlman li se yon espas ki pi ouvè epi pi atiran, li kreye tou yon koneksyon ki pi fò nan Vil Niagara Falls. Kounye a vizitè yo kapab wè aklè epi aksede pi fasil tout sa nou gen pou ofri andeyò pak la".

Pwojè Akèy Plaza se dènye pyès nan yon revitalizasyon ki prèske evalye a 70 milyon dola nan peyizaj Pak Eta Niagara Falls la. Lanse an 2011, plan revitalizasyon Pak Eta Niagara Falls la te yon angajman sou plizyè ane pou renove pak la nan yon fason ki pi byen reflekte vizyon Frederick Law Olmsted, moun selèb ki te konsevwa pak la, te genyen pou peyizaj li. Plan an te renove zòn vizyèl majè pak lan yo ki gen pami yo Luna Island, Prospect Point, Lower Grove, Three Sisters Islands, North Shoreline Trail, Luna Bridge, ak Terrapin Point ak nouvo twotwa pou pyeton yo, peyizaj ki ranfòse, nouvo ban yo, poto limyè ak balistrad yo. Paviyon entèaktif Kavèndèvan (Cave of the Winds) an, ki mete aksan sou istwa natirèl ak kiltirèl Niagara Falls la, te ouvri an 2017.

Niagara Falls State Park se yon trezò pou eta a e pou nasyon an. Kreye an 1885, li se pak leta ki pi ansyen nan nasyon an, e li atire plis pase 9 milyon vizitè chak ane.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)